



Pou Piblikasyon Imedya: 30/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE  
PWOGGRAM PILOT POU RETRASE KONTAK KE MAJISTRA MIKE BLOOMBERG  
SIPÔTE K AP KÖMANSE NAN SEMÈN K AP VINI YO**

*Pwogram nasyonal New York la ta dwe gen 6,400 rive 17,000 trasè nan tout eta a tou depann de kantite ka ki prevwa*

*Depatman Sante Eta a ap travay avèk Majistra Bloomberg, Johns Hopkins University ak Vital Strategies pou kreye lame trasè kontak pou pwogram lan*

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke [pwogram pilòt pou retrase kontak New York la](#), ak lidèchip Majistra Mike Bloomberg, pral kòmanse nan semèn k ap vini yo. Pwogram trasaj nasyonal la pral konsantre sou zòn ki gen pi gwo pouvantaj enfeksyon ak nan reyon kote done yo montre yo ka se premye ki pral louvri. Pwogram lan pral fonksyone pandan pwochen sezón grip la epi pral aplike nan kowòdinasyon ak vwazen twa eta New Jersey ak Connecticut.

Pwogram lan pral gen ladan yon baz referans 30 trasè kontak pou chak 100,000 moun epi pral itilize trasè anplis sou baz kantite ka ki prevwa nan chak reyon. Pwogram lan ta dwe gen 6,400 rive 17,000 trasè nan tout eta a tou depann de kantite ka ki prevwa yo. Ekip trasaj kontak yo pral travay a distans avèk lojisyèl depwent pou devlope yon baz done enfòmasyon sou pwopagasyon enfeksyon an.

Pou satisfè anplè ak pòte nasyonal pwogram sa a, Majistra Bloomberg ak Johns Hopkinns Bloomberg School of Public Health pral sipòte inisyativ Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a pou kreye yon lame trasè kontak atravè yon pwosesis ki gen twa etap: rekritman, entèvyou ak fòmasyon. Bloomberg Philanthropies pral ede DOH byen idantifye ak rekrite trasè kontak potansyèl yo pou pwogram lan nan Depatman Sante Eta, Vil ak Konte a.

Nan kad efò sa a, lekòl Bloomberg - lekòl sante publik ki pi byen klase nan peyi a - nan konsiltasyon avèk DOH pral devlope yon kourikoulòm sou entènèt byen djanm pou trasè kontak yo nan Eta a ki gen ladan yon pwogram fòmasyon ak yon egzamen sou entènèt moun nan dwe reyisi pou li ka fini pwogram lan. Inisyativ Resolve to Save Lives nan Vital Strategies la pral bay pèsonèl Depatman Sante Eta New York la konsèy teknik ak operasyonèl.

Trasaj kontak la pral ede anpeche pwopagasyon COVID-19 la avèk kat etap kle. Toudabò, laboratwa yo pral rapòte ka pozitif COVID-19 yo touswit bay trasè kontak yo chak jou. Trasè kontak la pral fè entèvyou ak pasyan pozitif la pou idantifye moun li ka

te an kontak ak yo pandan 14 jou pase yo. Trasè kontak la ap enfòme chak kontak ak pase yo entèvyou pou alète yo sou risk enfeksyon yo epi ba kontak sa yo enstriksyon pou mete tèt yo nan karantèn oswa izòlman pandan 14 jou pou asire yo pa pwopaje COVID-19 la bay lòt. Trasè kontak yo pral siveye kontak sa yo pa mwayen tèks pandan tout dire karantèn oswa izòlman yo a pou wè si kontak yo afiche nenpòt sentòm.

"Nou konnen ke ogmante kapasite tès nou se kle pou re-ouvèti New York epi dezyèm etap apre tès la se retrase pou jwenn moun ki te teste pozitif, kiyès yo te kontakte epi izole moun sa yo pou yo pa ogmante pou santaj enfeksyon an", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Trasaj la pa difisil sou yon baz endividyèl -- pwoblèm lan se tout gwo anplè a epi se yon operasyon ki pa te janm egziste anvan sa. Nou bezwen pwogram trasaj kontak nou an rive nan gwo anplè pou satisfè sa n ap fè avèk tès yo osito posib epi n ap travay avèk Mike Bloomberg kounye a pou kreye yon lame trasè pou satisfè demann eta a pou nou ka kòmanse operasyon sa touswit."

"Youn nan mezi ki pi enpòtan nou bezwen pran pou re-ouvri ekonomi an san danje se atravè kreyasyon yon sistèm trasaj kontak. Lè distans sosyal la fon lache, trasaj kontak la se pi bon espwa nou pou izole viris la lè li parèt - epi kenbe li izole", **Michael R. Bloomberg, ki se fondatè Bloomberg Philanthropies ak Bloomberg LP, majistra pandan twa manda nan vil New York, te deklare**. "Gouvènè Cuomo te rekonèt sa, epi piske Bloomberg Philanthropies gen gwo eksperyans ak ekspètiz nan sante piblik, nou kontan pou sipòte eta a nan devlope ak aplike yon pwogram trasaj kontak. Epi nou pral pataje sa nou te aprann yo piblikman pou vil yo ak eta yo ozalantou peyi a ak nasyon yo nan monn lan ka pwofite de efò nou yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)